

# Etap pou Gen Siksè: **Fason pou Kominike avèk Lekòl Pitit Ou**



*Si ou gen yon timoun k ap resevwa sèvis edikasyon espesyal, ou gen plis chans pou patisce avèk lekòl pitit ou ak pwofesè yo — tankou planifye, revize epi evalye pwogram edikasyon pitit ou. Apre yon peryòd tan, w ap aprann anpil bagay sou metòd edikasyon espesyal la ak sou fason pou kominike epi negosye sou non pitit ou. Pandan w ap vin gen plis konesans, ladrès ak konfyans nòmalman, gen kèk ladrès espesyal pou kominike ki kapab ede ou gen plis siksè nan devlope epi konsève yon bon patenarya avèk lekòl pitit ou. Nou swete “Etap pou Gen Siksè” pral itil sitou pou paran ki nouvo nan metòd edikasyon espesyal la.*

## Fason pou Kòmanse

Toudabò, konprann wòl ou kòm yon paran se yon wòl ki inik. Okenn moun pa konnen epi renmen pitit ou nan fason ou fè sa. Ou se espè nan pitit ou. Epi, menmsi ou ka pa gen tout repons yo, ou vle pou pitit ou gen siksè nan lekòl ak nan lavi a. Pasyon ou, lè ou se yon paran, kapab ede ou kominike yon fason briyan, epi pafwa, sa kapab depase ou.

### Poutèt sa, Etap 1. Sonje evalyasyon presyon emosyonèl ou pandan w ap travay avèk lekòl pitit ou.

Si ou prevwa w ap gen pwoblèm lè w ap rankontre avèk anplwaye lekòl la, lespri ou ak kò ou ap prepare pou batay la. Kijan ou kapab kominike avèk siksè si ou panse ou pral gen laperèz ak endiyasyon? Pa kite lespri ou rive la. Pa kite panse ou sou pwoblèm ki pase (oswa ki prezan), gwo laperèz yo, ak lòt panse negatif antre nan lespri ou. Konsantre sou objektif ou yo yon fason pozitif ak sou pwendvi ou ki endike lekòl la vle fè tout sa yo kapab pou pitit ou. Kontinye di nan oumenm ou ak pitit ou ap gen siksè.

### Etap 2. Bay Priyorite epi Planifye.

Ki bagay ki pi enpòtan ki dwe reyalize pou pitit ou?

Fè yon lis pwoblèm yo, kesyon yo ak solisyon posib yo. Klase yo. Deside si gen nenpòt ou kapab transmèt epi kilès ou dwe abòde. Planifye kijan ou vle bay epi pran lòd pou reyalize objektif siperyè a. Planifye sa ou bezwen di a epi praktike li, si sa ap ede ou:

*“Sa ki pi enpòtan pou Jordan kounye a se...”*

*“Nou vrèman bezwen konsantre sou...”*

Si ou ale nan nòt kle sa yo, avèk ekspresyon kle yo ki note, sa kapab ede kenbe ou ak reyinyon an sou bon chemen.

### Etap 3. Koute yon fason aktif pou konprann lide lòt moun nan.

Si ou pa konprann sa yon moun di, fè li konnen sa. Montre ou dirèk:

*“Mwen senpleman pa konprann sa w ap di a. Èske ou kapab eksplike li nan yon diferan fason oswa èske ou kapab ban mwen kèk egzanp?”*

*“Èske gen yon bagay ou kapab montre mwen, alekri, pou mwen kapab konprann nèt?”*



Kontinye poze kesyon epi rete tann repons yo jouk lè ou konprann nèt. Pa kite ou pran nan tantasyon pou reponn kesyon pa ou oswa pou mete mo nan bouch yon lòt moun.

### Etap 4. Eklèsi deklarasyon ou yo si ou wè yon ekspresyon ki sanble devinèt nan figi yon moun epi mande eklèsisman poutèt sa.

Fè parafraz, oswa fè deklarasyon ankò yon fason pou ou ak lòt moun yo kapab eklèsi sa ou konprann nan.

Sa ou dwe konprann:

*“Mwen pa dwe eksplike sa aklè, sa m ap eseye di a se...”*

*“Men yon kopi nan...An nou gade li ansanm. Li montre...”*

Yon fason pou ou konprann:

*“Li sonnen tankou ou di...”*

*“Si mwen konprann ou kòrèkteman, ou di... Èske sa kòrèk?”*

*“Èske sa note nenpòt kote yon fason pou mwen kapab li?”*

Souvan, metòd eklèsisman konpreyansyon yon moun bay yon okazyon pou eklèsi yon move konsepsyon oswa pou korije enfòmasyon ki pa kòrèk ki kapab enpòtan pou jwenn yon solisyon satisfezan pou pitit ou. Poutèt sa, pa meprize enpòtans teknik sa a.

### Etap 5. Gen chwa nan lide ou epi ofri yo pou diskisyon, jan li nesese.

Lè ou se yon paran, ou nan yon bon pozisyon pou prezante lòt kalite solisyon ki pa ta ka rive pou moun ki travay pou sistèm lekòl la. (*Toutolon liy ansyen pwovèb ki di konsa, “Pafwa ou senpleman pa kapab wè forè a pou tout pyebwa yo.”*):

*“An nou brase lide sou posiblite yo epi pou wè ki solisyon nou kapab jwenn. Kisa ki konsène..?”*

Epi, si ou fè rechèch, rasanblaj enfòmasyon, oswa jwenn nenpòt rekòmandasyon fòmèl:

*“Men yon rekòmandasyon...ki pwouve li gen siksè pou lòt élèv yo. Nou ta dwe konsidere sa oserye pou Janey.”*

*“An nou eseye sa pandan 8 semèn epi pou wè kijan li fonksyone.”*

Li enpòtan tou pou asire objektif la rete sou ptit ou epi pou satisfè bezwen li yo. Pafwa, pawòl tankou sa ki anba la yo kapab ede ranfòse objektif chak moun:

*“Papa Jordan ak mwen pa t senpleman wè kalite pwogrè Jordan bezwen fè. Ki lòt posiblite nou kapab konsidere pou li?”*

#### **Etap 6. Ou se imen sèlman.**

Si yon moun te itil yon fason espesyal, montre ou rekonèt efò li yo. Pafwa, sitou lè gen fwistrasyon, lè ou rekonèt sa ki fèt byen, ak fason tout moun te travay di, sa ap fasilité bagay yo enpe epi sa fè li posib pou tout moun santi yo pi byen pou avanse pou rive nan desizyon final la!

Si, pa chans, yon fè yon erè, oswa si ou fè yon vyolasyon, di ou regrèt sa.

Pou fè yon eskiz, di konsa ou se imen sèlman epi sa ede ou adousi sa ki souvan yon pwosesis fòmèl epi voye mesaj ki endike ou kapab padone lòt moun pou erè yo fè. “Tanpri epi mèsi” bon tou pou kenbe konvèsayon yo an moun debyen, epi san sipriz, sa ap ede tout moun di “wi.”

#### **Nan fen an, mande pou “wi.”**

Pandan w ap kominike ak negosye, w ap dekouvri domèn kote oumenm ak lekòl la dakò. Ou ka dakò sou pwoblèm ou dwe diskite sou li a, men ou ka pa dakò nèt sou fason pou diskite sou li. Se lè li kapab sitou itil pou re-deklare chwa yo epi pou diskite

sou yo nan fason pou rezoud yon pwoblèm. Sa vle di prezante epi analize afon solisyon yo pwopoze yo selon pwòp merit to. Sa vle di tou kèk kesyon dirèk, avèk politès tou, tankou:

*“Mwen toujou gen konfizyon. Pou kisa sa a pa yon chwa?”*

*“Jordan bezwen sa. Kimoun ki gen lide sou fason nou kapab fè sa rive?”*

Answit, pawòl ki rekonèt dezi ak difikilte pou lekòl yo satisfè bezwen chak timoun, pandan w ap konsantre sou ptit ou, kapab mennen nan yon pi bon volonté pou fè efò siplemantè epi pou reflechi sou fason ki pi dinamik pou di “wi” epi pou ptit ou:

*“Mwen apresye gwo responsablité ak demann sistèm lekòl nou an genyen. Mwen rekonèt pa janm gen ase lajan, ni ase anplwaye pou satisfè bezwen tout timoun yo nan fason nou tout vle a. Vrèman, mwen vle. Ou responsab pou satisfè bezwen anpil timoun. Djòb nimewo en mwen se pou wè nan sa mwen satisfè bezwen ptit mwen. Okenn nan nou pa gen yon djòb ki fasil.”*


*“Mwen konnen gen yon fason pou jwenn yon solisyon, ansanm, yon fason pou Janey jwenn sèvis li bezwen yo. Kijan nou pral fè sa?”*

#### **Ap pale sèlman.**

Poutèt sa, pou rezime, lè w ap pale avèk anplwaye ak administratè yo nan lekòl ptit ou, ou gen chans pou gen siksè si ou kapab:

- Rete kalm.
- Konsantre sou sa ki pozitif yo.
- Klè sou objektif ou yo.
- Koute. Poze kesyon. Bay eklèsisman.
- Rete sou objektif sou fason pou satisfè bezwen ptit ou.
- Bay chwa yo nan tèt ansanm; pa egzanp, di konsa, “nou kapab” olye ou di “ou ta dwe.” Di konsa, “wi, epi...” olye ou di “wi, men...”
- Mande pou “wi.”





P.O. Box 51360  
Eugene, OR 97405-0906  
(541) 686-5060 pou pale  
(541) 686-5063 faks  
[cadre@directionservice.org](mailto:cadre@directionservice.org)  
[www.directionservice.org/cadre](http://www.directionservice.org/cadre)

*Enstitisyon ki Pibliye Dokiman sa a:*

**CADRE**

*Ap Ede Paran ak Edikatè yo  
Kreye Solisyon Ki Bay Pi Bon Rezulta pou  
Elèv Andikape yo*

Se Sant pou Rezolisyon Apwopriye Konfli nan Edikasyon Espesyal (Center for Appropriate Dispute Resolution in Special Education [CADRE]), nan tèt ansannm avèk ansyen Sant Nasyonal ki Bay Enfòmasyon pou Timoun (National Dissemination Center for Children with Disabilities), ki prepare dokiman sa a anba Nimewo H326D030001 & H326D080001. U.S. Department of Education, Office of Special Education Programs Cooperative Agreement. H326D030001 & H326D080001. Tina Diamond, Ph.D., te sèvi kòm ofisyè pwojè a. Pwendvi yo eksprime nan dokiman an pa nesesèman vle di pozisyon oswa règleman Department of Education. Pa gen entansyon pou U.S. Department of Education bay sipò pou okenn pwodui, machandiz, sèvis oswa antrepriz ki endike nan piblikasyon sa a oswa yo pa ta dwe dedui sa. Pwodui sa a se domèn piblik. Ou gen otorizasyon pou repwodui tout oswa yon pati ladan. Menmsi pèmisyon pou re-enprime piblikasyon sa a pa nesesè, sitasyon an ta dwe: CADRE (2008). Steps to Success: Communicating with Your Child's School, Eugene, Oregon, CADRE.